

**Asistans Dezas.** Lè yo fè yon Deklarasyon Dezas Prezidansyèl pou Asistans Endividyèl, asistans pou katastwòf FEMA kapab disponib pou moun ak biznis ki gen asirans ak moun ki pa gen asirans lè règleman yo ka pa satisfè bezwen ki gen rapò ak katastwòf. rapòte domaj yo bay otorite lokal yo SI W PA kalifye w pou asistans FEMA. Ou dwe kontakte FEMA dirèkteman pou wenskri pou asistans FEMA.

Administrasyon Ti Biznis (SBA) FEMA a ofri prè tou pou katastwòf ak enterè ki ba pou pwopriyete kay, lokatè, biznis, ak kèk òganizasyon san bi likratif.



This guide is provided for informational purposes only and does not constitute legal advice.

## RESOUS AK ENFÒMASYON KONTAK DEPATMAN PLENT POU DFS LA

Si w viktim yon katastwòf epi w gen difikilte ak yon konpayi asirans oswa yon enstitisyon finansye, oswa si w santi yo pa trete w yon fason ki jis, konsidere depoze yon plent nan DFS. Espesyalis nou yo ka reponn kesyon epi pran rapò fwod tou.

Depoze yon plent: [www.dfs.ny.gov](http://www.dfs.ny.gov)  
Liy dirèk pou konsomatè DFS nan  
**(800) 342-3736**

### FEMA

Sit entènèt: [www.disasterassistance.gov](http://www.disasterassistance.gov)  
Telefòn: **(800) 621-FEMA (3362)**

### PWOGRAM NASYONAL ASIRANS INONDASYON (NFIP)

Telefòn: **(800) 427-4661**  
Sit entènèt: [www.floodsmart.gov](http://www.floodsmart.gov)

### ADMINISTRASYON TI BIZNIS (SBA)

Telefòn: **(800) 659-2955**  
Sit entènèt: [www.sba.gov](http://www.sba.gov)

[www.dfs.ny.gov](http://www.dfs.ny.gov)  
**(800) 342-3736**



# STORM RECOVERY RESOURCES

HAITIAN-CREOLE

A RESOURCE FOR  
STORM AND FLOOD VICTIMS

## KONSÈNAN DFS

Depatman Sèvis Finansye (DFS) sipèvizite tout prèske 1,800 konpayi asirans yo ak prèske 1,400 bank, kesye chèk yo, transmetè lajan ak lòt enstitisyon finansye yo k ap opere nan Vil Nouyòk la. DFS envestige epi pouswiv tou fwod asirans ak finansye, travay ak ajans ki fè respekte lalwa ak ajans regilasyon nan nivo federal, eta, rejyonal ak lokal yo.

Misyon nou se asire yon konpòtman pridan pa founisè nan pwodwi ak sèvis finansye; asire ke founisè sa yo respekte obligasyon finansye ki jis, alè ak ekitab; ankouraje pi gwo estanda nan onètete, transparans, pratik biznis ki jis yo ak responsablite piblik la; elimine fwod finansye, lòt abi kriminèl ak konpòtman ki pa etik nan endistri a; ak edikasyon epi pwoteksyon itilizatè pwodwi ak sèvis finansye yo.

## ÈD AK ASIRANS

Si w gen kesyon sou yon kontra asirans oswa yon kouvèti asirans, li dokiman w yo ak anpil atansyon epi kontakte konpayi asirans ou, koutye oswa ajan w lan an premye.

Si w toujou gen kesyon, bezwen èd oswa si w viktim yon katastwòf DFS ka reponn kesyon konsènan sou ajan yo, koutye yo, ajisteman, ak lòt moun ki angaje nan biznis asirans.

DFS kapab reponn tou kesyon sou pwosesis reklamasyon an (ki gen ladan l franchiz pou siklòn ak van), anile ak pa renouvèlman kontra a, ak kouvèti pou depans anplis pou viv (sa ou ka gen dwa si w deplase aprè yon dezaz). Si biznis ou a afekte pa yon katastwòf, nou ka reponn kesyon sou kouvèti asirans, tankou sispansyon asirans biznis ak kouvèti sispansyon asirans sèvis deyò.

## ÈD AVÈK BANK YO EPI PRETÈ YO

Si w pa ka peye bòdwo a lè akoz difikilte finansye ki gen rapò ak yon dezaz, sonje kontakte kredite w yo pou w fè yo konnen sitiyouyasyon w. Mande yo pou yo fè yon plan avèk ou pou yo pa penalize w pou pèman ki manke yo pandan w ap reprann ou a.

DFS travay ak bank yo epi pretè yo pou elimine frè ki anpil yo, anpeche yo sezi, epi ankouraje tolerans prè ak ipotèk pou moun ki afekte nan katastwòf yo. N ap travay tou pou ede akselere siyati labank yo pou chèk reklamasyon asirans pou pwopriyete kay ki bezwen reparasyon ijan ki gen rapò ak katastwòf. Si ou pa kapab finalize yon prè oswa yon ipotèk akòz move kondisyon metewolojik ekstrèm, nou ka ede w tou evite konsekans negatif, tankou frè anreta pou chanjman nan kondisyon final la.

## MAGOUY DEZAS AK FWOD FINANSYE

Magouye yo souvan parèt aprè yon dezaz. Pa egzanp, sa yo rele "viktim yo" fè fo deklarasyon; kriminèl ki pran pòz kòm kontraktè yo vòlè enfòmasyon finansye pèsonèl yo komèt vòl idantite.

Si w sispèk yon fwod finansye, oswa ou kwè ou te viktim yon magouye ki enplike yon asirans, bank oswa lòt enstitisyon finansye, tanpri kontakte DFS rapid.

## PÈDI PWOPRIYETE AKÒZ TANPÈT OSWA DEZAS

**Depoze reklamasyon w yo byen vit.** Depoze reklamasyon yo pi vit ke posib aprè pèt yo rive.

**Bay tout dokiman yo.** Mande konpayi asirans ou ki dokiman egzak, fòm ak done yo pral bezwen remèt ba ou.

**Reklamasyon pou dega inondasyon yo.** Dega inondasyon yo jeneralman kouvri sèlman pa asirans inondasyon ki ofri pa

National Flood Insurance Program (NFIP). Si ou gen asirans pou inondasyon epi ou sibidomaj inondasyon, fè yon reklamasyon ak konpayi asirans ki te vann kontra a. Si ou te achte yon kontra dirèkteman nan NFIP, ou dwe kontakte NFIP dirèkteman.

**Kenbe dosye detaye yo.** Kenbe yon dosye sou tout konvèsasyon ak konpayi asirans ou a; enkli non ajan an ak lè epi dat tout apèl yo.

**Swiv.** Aprè yon konvèsasyon an pèsòn oswa nan telefòn ak konpayi asirans ou oswa ajan, swiv alekri ki reflete konpreyansyon ou sou konvèsasyon an. Aprè yon vizit ekspè a, fè swivi alekri pou reflete konpreyansyon w sou vizit ekspè a.

**Dokiman Pèdi yo.** Pran foto ak / oswa videyo yo ki montre limit dega ak pèt yo anvan ou netwaye nenpòt bagay.

**Fè envantè.** Bay konpayi asirans ou an yon envantè detaye pyès pa pyès pa atik pèsonèl ki domaje ak pwopriyete. Mete resi yo, deklarasyon kat kredi yo ak nenpòt lòt dokiman ki montre valè atik yo.

**Reparasyon ijans.** Pwopriyete kay yo responsab pou pwoteje pwopriyete yo kont plis dega aprè yon pèt, men yo ta dwe sèlman fè reparasyon ki nesèsè pou anpeche plis dega nan pwopriyete a, tankou kouvri fenèt ki kase. Kenbe tout resi ou yo.

**Reparasyon pèmanan.** Reparasyon pèmanan pa ta dwe fèt jiskaske konpayi asirans yo te enspekte pèt yo. Tout pwopriyete pèsonèl ki domaje yo ta dwe konsève jiskaske yo jwenn yon règleman asirans.

**Si w deplase, kenbe resi w yo.** Si w oblije deplase pandan y ap repara kay ou a, kenbe yon dosye sou depans ou yo. Anjeneral kontra asirans pwopriyete kay ak lokatè yo kouvri pri depans adisyonèl pou viv si kay ou a domaje nan yon dezaz asirans.